

**AN'N  
PALE  
DE  
OU**

**Partner Services**

Si yo di'w ou gen yon maladi seksyèlman transmisib (STD) e/oswa Viris Iminodefisitè Imen (VIH), founisè swen sante w la ak yon moun nan pwogram Partner Services Health Department an gen pou pale avèk ou sou transmision maladi a ak prevansyon. Yo pral mande w enfòmasyon sou patnè seksyèl ou ki ka te ekspoze a enfeksyon an. Si ou itilize dwòg, yo pral mande w enfòmasyon sou pratik pataj zegwi ou ak patnè ou san jijman osa akizasyon.

## Sa a se Partner Services (PS).

Partner Services (Sèvis Patnè yo) se yon pwogram gratis Department of Health, ki konfidansyèl, e volontè ki ofri anpil sèvis ki ede diminye pwopagasyon STDs ak VIH nan kominote a. Ekip Partner Services la travay avèk moun ke yo dyagnostike ak sifilis, blenoraji, klamidya e/oswa enfeksyon VIH pou rive jwenn lòt moun ki ta ka ekspoze a enfeksyon sa yo. Ekip Partner Services la ka ofri sipò tou, kowòdone referans pou depistaj ak tretman maladi pasyan/patnè an, epi bay enfòmasyon sou kòman pou pwoteje tèt ou ak sèks ou e/oswa kijan pou pwoteje patnè ki pataje menm zegwi avèk ou kont enfeksyon.

## Poukisa pou mwen ta patisipe?

Dekouvri ke ou genyen yon STD e/oswa VIH ka difisil. Gen moun ki ka santi yo fache, pè, jennen oswa wont. Deside kijan pou di patnè ou yo sa se yon lòt pwoblèm ke ou gen pou jere ki kapab difisil tou. Pa gen anpil moun ki konfòtab pou pale de lavi seksyèl yo oswa itilizasyon dwòg. Poutan, lè ou gen yon STD e/oswa VIH, pale ak Partner Services trè empòtan paske yo kapab ede w avèti patnè w yo an sekrè, an prive, epi konfidansyèlman. Lè moun konnen yo te ekspoze a yon enfeksyon epi yo fè tès epi swiv tretman, li ede diminye pwopagasyon maladi an epi li fè pwomosyon sante nan kominote a.

## Ou ka mande tèt ou, "Ki mele mwen?"

- Anplis posibilité pou ou vin re-enfekte, lòt moun ki fè sèks ak patnè ou yo kapab vin enfekte tou. Si patnè ou pa jwenn tretman, maladi a kapab transmèt bay lòt moun, epi li ka menm transmèt manman ak pitit li an pandan gwo sèvis li oswa lè li ap akouche.
- Gen STDs ki pa gen sentòm men yo ka lakòz gwo pwoblèm sante alontèm si yo rete san trete. Sentòm VIH yo ka pa parèt pandan anpil ane. Dyagnostik ak tretman pi bonè pou STD e/oswa VIH ka vle di yon lavi pi long ak pi an sante.
- Apre chòk inisyal la, anpil moun Partner Services kontakte vin kontan yo te di yo ke yo ka te ekspoze a yon enfeksyon. Yo kapab fè tès, swiv tretman, cheche lòt sèvis ak pran swen tèt yo pandan y'ap anpeche pwopagasyon enfeksyon an bay lòt moun ki nan kominote a.
- Si ou gen yon STD e/oswa VIH, ou ka pale avèk Partner Services kounya epi ou kapab kontakte yo pi devan si ou genyen nouvo patnè ki bezwen yo enfòme yo sou posibilité eksposizyon.

*"Mwen te trè choke epi boulvèse lè Depatman Sante te vin devan pòt mwen men mwen te simonte anbarasman inisyal la epi mwen te al teste. Mwen p'ap janm konnen ki moun ki te bay non mwen men mwen kontan yo te fè sa."*

## Tip Asistans Partner Services:

### • Notifikasyon Anonim Yon Lòt Moun

Yon moun nan health department notifye patnè w yo sou ekspozisyon a yon STD/HIV ak enfòmasyon ke w te bay yo. Ou ka fè yon Notifikasyon Yon Lòt Moun tou sou Entènèt ak ekip Partner Services. Yo pa janm bay patnè ou yo non ou ak idantite ou ak patnè ou.

Yon sèl bagay yo ap konnen se ke yo te ekspoze a yon STD e/oswa HIV epi yo ba yo opsyon pou fè tès ak tretman pou moun ki ekspoze ak maladi an.

### • Doub Divilgasyon

W ap enfòme patnè ou avèk èd ekip Partner Services la. Partner Services ap rete avèk ou pandan tout pwosesis la epi yo ka repoñn kesyon patnè ou a. Metòd sa a ka trè efikas, paske ou ka pa gen tout detay yo oswa enfòmasyon sou ekspozisyon an pou bay patnè ou an sou opsyon tès ak tretman.

### • Divilgasyon pou kont ou

W ap enfòme patnè ou yo/patnè ou an epi ankouraje yo pou jwenn sèvis pou fè tès epi pou jwenn tretman. Partner Services pral ede w planife ak praktike sa ou pral di an. Gen moun ki prefere metòd sa a men li pa pwoteje idantite ou. Ou ka gen pou fè fas ak reyaksyon negatif patnè ke ou enfòme pou kont ou a. Menm si ou ka gen bon entansyon pou enfòme yo pou kont ou, gen bagay ka rive; moman an gen dwa pa bon; ou ka pa wè patnè sa ankò; oswa lè ou wè li ankò, ou ka pa ka jwenn bon pawòl pou di yo sa. Si ou pa kapab fè notifikasyon an pou kont ou, ou menm ak Partner Services ka diskite plan an epi yo ka kontakte patnè ou yo pou ou.

*"Mwen te vle di'l... men mwen te vin twò pè e mwen vin pa't kapab fè'l."*

## Nou tout genyen yon djòb nan elimine STD/HIV.

Partner Services kapab ede ou. Kontakte pwogram New York State Health Department Partner Services:

Long Island Region	1-800-462-6786
New Rochelle Region	1-800-828-0064
Capital District Region	1-800-962-5065
Central New York Region	1-800-562-9423
Rochester Region	1-800-962-5063
Buffalo Region	1-800-962-5064

Ou ka jwenn nimewo telefòn health department local la ak plis enfòmasyon nan [www.health.ny.gov/diseases/communicable/std/partner\\_services/](http://www.health.ny.gov/diseases/communicable/std/partner_services/)



**Department  
of Health**